Impact Factor: 9.9 ISSN-L: 2544-980X

# Motive Matching of the Hero in the Epic "Er Ziuar"

***Bekbergenova Abadan Utepovna*** [1]

**Abstract:** The article deals with the motif of the "marriage of the hero", valuable for its significance in heroic epics in addition to the biography of the hero, revealing the genetic origins of plots and motives that reveal complex deep relationships between epic creativity and phenomena of reality. On this basis, the structure of the plots about the matchmaking of the hero of the Karakalpak folk epic "Er Ziyar" is deeply examined, the typology and semantics of motives are analyzed within the framework of plot structuring.

**Key words:** epos, subject, composition, image, motive, folklore, ethnography.

Қаҳарманның эпикалық өмирбаянын толықтырыўда қалыңлық излеп қаҳарманлық үйлениў мотиви "батырлық ҳәм сыйкырлы" ертеклердегидей қаҳарманлық дәстанларда да әҳмийетли орынды ийелейди. Батырдың қаҳарманлық үйлениў мотивиниң ертеклер менен дәстанлардағы өзине тән өзгешеликлери ҳаққында Е.М.Мелетинский, В.М.Жирмунский, Х.Т.Зарифов, В.Я.Пропп, Б.Н.Путилов, Б.Саримсоков, Т.Мирзаев, Ф.Урманчиев, Ш.Ыбраев, Н.Дәўқараев, И.Сағитов, Қ.Мақсетов, С.Бахадырова, К.Алламбергенов, Ж.Хошниязов, К.Палымбетов ҳ.т.б. изертлеўлеринде ушыратамыз. Қаҳарманның эпикалық өмирбаянының толықтырыўда батырдың қалыңлығын излеўдеги сапарының әҳмийетли екенин белгили рус илимпазы Е.Мелетинский "Эпостың ески формаларында, батырлық ҳаққындағы ертеклерге уқсап, қахарманның "өзине буйырған қызды" айттырыў темалары кең тaралған қахарманның поэтикалық өмирбаянында бул зәрүр болған элементлердиң бири[1], - деген пикири тастыйықлайды. Батырдың өзине мүнәсип қызға үйленгеннен соңғы өмирбаянының баянланыўында оның үйленген қалыңлығы, яғный ҳаялы дәстан сюжетинде тийкарғы ҳәм шешиўши хызметти атқарады. Нәтийжеде, батырдың эпикалық өмирбаяны белгили дәрежеде толықтырылады. Академик В.М.Жирмунский «Тюркский героический эпос» деген илимий мийнетинде британия илимпазы этнограф Д.Ж.Фрезердиң илимий мийнетине итибар қарата отырып «Базы этнографлар батырдың өз ярын излеў мақсетинде өзге журтларға сапары сыяқлы ертеклик сюжетлер бул узақ матриархат дәўириниң сарқыты есапланып, онда өзге журттан келген батыр патшалықтың ярымына ийе болыў ушын сол журт патшасының қызына үйлениўге қарар етиўи ол дәўирде матриархат тәртиби бойынша мийрас еркек арқалы емес, ал ҳаял, яғный қыз арқалы болады деп есапланған. Сонлықтан, бул халық ертегиндеги қаҳарманлық эпостағы бундай сюжетлер қахарманның эпикалық өмирбаянындағы сапарлар узақ өтмиштен қалған дәстүрлерден саза болып табылады» – деген пикирди билдирип өтеди. Сондай-ақ, илимпаз «Белгисиз еллерден келип типлик ханзадаларға үйленип, патшалағының ярымын ийелеўи, патша тегиниң ер адамлар арқалы емес, ҳаяллар арқалы өтиўи ҳаққындағы ертеклерде матриархат қатнаслардың бар екенлиги ҳәмде бул әйиемги ерте дәўирдеги шақырық екенин, ал, қаҳарманлық ертек ушын патриархал-урыўлық жәмийеттеги экзогамия шәраятларында өзге урыў қәўиминен келинниң алыныўы көбинесе оны алып қашыў (қыздың келисими ямаса оның еркине қарсы) менен байланыслы болғаны менен әҳмийетли, яғный өзге елге жаўшылық мақсетинде сапар етиў қаҳарманлық көринисине ийе болыўы лазым еди, булар жас ләшкердиң ерлиги, тапқырлығы, физикалық күши туўралы дерек береди» [2], - деген пикири арқалы қаҳарман батырлардың қалыңлығына ерисиўдеги батырлық ҳәрекетлери оның ертеңги күнги елди қорғаўдағы азаматлық ўазыйпасын атқарыўда да әҳмийетли екенин нәзерде тутады ҳәм

[1] Karakalpak branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Karakalpak Humanities Research Institute

өзге журттан қыз алыў батырдың күшин сынаўдағы тийкарғы белгиси екенлигин атап өтеди. Дәстанлардағы қаҳарманлардың басқа журттан қыз излеў мотиви бойынша рус фольклористи В.Я.Пропп: «Қосық бәрҳама қаҳарманның үйинен атланып шығыўынан басланады.Себеби руўшылық дүзими дәўиринде ҳаялын басқа руўдан алыў, яғный оны излеп анаў ямаса мынаў аралықтағы алыс жерге жөнеп кетиў тийис болған. Халық поэзиясында келин, әдетте, алыс жерден алып келинеди»[3], - деп жазады. Усындай алыстан қыз алыў деталы жәмийетлик раўажланыў басқышларын, басқа халықлар менен қарым қатнас жасай баслаўын көрсетеди. Халық этнографиясында қызды шәртли түрде басқа руў қәўиминен алыў дәстүр саналған. Усы дәстүрдиң элементлери қарақалпақ халқында елеге шекем сақланып қалған. Сондай-ақ, дүнья эпосларына тән болған бул формулаға айланған дәстүрий сюжет «Қорқыт ата китабы» естелигинде де, қарақалпақ халкының «Алпамыс», «Мәспатша», «Қырқ қыз», «Бозуғлан» дәстанларынан орын алғанындай «Ер Зийўар» да да басқа журттан қыз алыў сюжети ушырасады.

Сондай-ақ, дүнья халықларының эпосларында қыз айттырыў, неке қурыў ҳәм шаңарақ болыўдың ҳәр қыйлы формаларын ушыратамыз. Мысалы, башкурт ҳәм рус қаҳарманлық эпосларында қызды алып кашыў яки сатып алып неке қурыў дәстүрлери болса, түрк-монгол халықларының эпосларында неке қурыўдың түрли формалары (қалың мал төлеп алыў, айттырып алыў, жекпе-жек урыста жеңип алыў, қыздың шәртлерин орынлап алыў ҳ.т.б.) бериледи. Усы сыяқлы батырдың үйлениў мотиви ертеклерде де бар. Бирақ ертеклерде батыр әжайып, сыйкырлы затларды қолға түсирип, солардың жәрдемине сүйенип шәртлерди орынлап, жеңиске ериссе, қаҳарманлық дәстанларда батыр, тийкарынан өз күшине исенеди[4], - деп батырлардың алдынан қандай қыйыншылық шықса да қорқпай жеңетуғын қайсарлығы менен өз қалыңлығында алып қайта алатуғын жаўынгерлик минез-қулқын жоқары баҳалайды.

Қаҳарманлық дәстанлардағы батырлардың қалыңлық излеўдеги ҳәрекетин батырлық иске таярлығы екенин академик М.Ғабдуллин «Жыраўлар Қобланның туўылыўып, балалық дәўирин, Қуртқаға үйлениў жағдайын айта отырып, бунын бәри батырлық иске таярлық дегендей жуўмақты жасайды»[5], - деген пикири арқалы айтып өтеди. Сондай-ақ, қарақалпақ фольклортаныўшы илимпаз К.Палымбетов «Дәстан қахарманы Қобланның үйлениў мотивине байланыслы ўақыялардың ҳәммеси алыс ҳәм ғайры журтлардағы қорқынышлы жаўларға қарсы атланысқа, яғный, енди болатуғын қаҳарманлық гүреске батырлығынан дәрек береди»[6], - деп алдағы ўақытларындағы батырдың елди қорғаўдағы қахарманлық ислерине таярлығы екенин атап өтиў менен бирге жоқарыдағы алымлардың пикирлерин қоллап қуўатлағаны нәзерде тутылады. Расында да илимпазлардың бул пикирлерин қоллап қуўатлаў орынлы себеби, қаҳарманлық дәстанлардың көпшилик бөлегинде батырлардың үйлениў мотивиндеги өзине қарсы күшлерди гүресип жеңиў тәжирийбеси тийкарында келешектеги елди қорғаўда сырткы жаўлар менен гүресиўдеги жеңисинде байқалады. Мысалы: «Алпамыс» дәстанында Гулпаршынды излеп кеткеннен кейин жолда көп қыйыншылықларға дус болып, машакатларды жеңип өзиниң қалыңлығына ерискеннен кейин, өз елине келген жаўларды жеңиўде үйлениў сапарындағы тәжирийбеси себеп болған болыўы мүмкин болса керек, тап усындай эпизодлар «Мәспатша», «Қоблан» дәстанларында да ушырасады. Бирақ дәстанда Ер Зийўар ҳеш қандай таярлықсыз, сынақсыз, саўашта қатнасады. Батыр елин сыртқы жаўдан қутқарғаннан кейин оның қыз излеў сапары басланады. Усы тәрептен дәстан басқа қаҳарманлық дәстанларындағы үйлениў мотивинен өзгешеленеди.

Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларында болсын, лиро-эпикалық дәстанларында болсын, айрықша көзге тасланатуғын характерли мотивлердиң бири ақлай қуда болыў ямаса түсинде болажақ ярын көрип, соған ашық болыў қусаған көринислер гезлеседи. Биринде болажақ қаҳарманлырымыздың аталары туўылмай атырып, балаларын атастырып қояды. Үлкейгенде олардың биразы аңсат қосылса, көпшилигиниң арасында үлкен ғаўға, талас-тартыслар, күшли конфликтлер пайда болып, солардың үстинен жеңиске ерисиў арқалы мақсетине ериседи. Екиншисинде болса, қаҳарманлар өз ярын түсинде көрип излеп жүрип, көп қыйыншылықлар менен қосылып елине алып қайтады.

Шын муҳаббат темасы адам өмири, психологиясы, тәбийий қурылысы жағынан бул өмирдеги майда-шүйде мәселелер болмай, дүньяны материалистлик көз қарастан түсиниўге алып келетуғын факторлардан бири, улыўма өзлери ҳаққындағы илим болғанлықтан оны өзлериниң шешиўине таслап, халықлық күш берилген. “Ер Зийўар” дәстанында тийкарғы мәселе парахатшылық, дослықты ҳәм муҳаббатты ардақлаў, зорлықшыл, қара күшлерди қаралаўдан ибарат. Дәстандағы сөз етилген елди сыртқы жаўдан қорғаўдағы батырлық, муҳаббатына садықлық деген адамдағы бийик қәсийетлер, булардың барлығы дөретпениң тийкарғы идеясын қурайды.

Сондай-ақ, дәстанның өзине тән өзгешелиги басқа мотивлер туўылыў, ат қойыў ҳ.т.б. орын алмайды, бирақ үйлениўи ўақыясы қурамалы болып еки батырдың үйлениўи ҳаққында сөз болады. Дәстан қаҳарманы Ер Жанайдың үйлениўинде түрк монгол эпосларының неке қурыўдың «урыста олжа етип алыў» формасына тән үлгилерди ҳәм эпизодларды ушыратамыз. Мысалы, Ер Зийўар Тақтаполаттың қызы Ақтамақты еки ел арасындағы саўашында жеңип алып олжа етип Ер Жанайға алып береди. Бул үлгилер қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары «Қоблан», «Горуғлы» дәстанларының Қырмандәли шақабында ушырасады. Бунда батыр өзине қарсылас батыр қызды гүресте жеңип шықса ол тиккелей оған олжа болады ҳәм соның қарамағына өтеди деген заңлы қубылысқа бойсынады. Бул үлгилер батырлық ертеклеринде бар екени байқалады. Сондай-ақ, қалыңлығын гүресип жеңип алыўдағы формалары «Алпамыс» дәстанында Алпамыстың Баршынды жарыста жеңип алған болса, «Китаби дедем Қорқыт» естелигинде Бану Чечекти Бамси Бейрек ат шабыўда, оқ атысыўда, гүресиўде жеңип шығады ҳәм қызды алады. Сондай-ақ, усы естеликтеги «Қанлы хожа улы Қантуралы» дәстаны сюжетинде де Қанлы хожаның улы Қантуралының Тарабзун ғайридинлердиң басшысының қызы Салжан хатун батыр қызды алыў ушын оның үш жыртқыш ҳайўанын өлтирип шәртин орынлаўы керек екен. Қантуралы усы шәртлерин орынлап қызды жеңип алады. Қыздың батырлық күши ҳәм оның жеңилгеннен соң батырлық күшинен қайтыў жағдайы ҳаққында илимпаз Р.С.Липецтиң баҳалы пикирлери дыққатқа ылайық деп есаплаймыз «Қыздың батырлығы – бул еркинликтиң үлгиси болып есапланады. Тек қаҳарман оны жеңген жағдайда, ол оған бойсынады, себеби, қыз оның тутқынына айланып, батырлық күшин ҳәм жаўынгерлик белсендилигин жойтады»[7], Илимпаздың дурыс айтып өткениндей, тап усы жағдай Ақтамақтың гүресип жеңилген ўақтында айқын көзге тасланады.

Дәстанның екинши бөлиминде басқа қарақалпақ дәстанларында ушырасқандай қәўендер “кәлендер” – де ушырайды. Бирақ, кәлендер “Алпамыс”, әсиресе “Қоблан” дәстанларында жай адам қәбилетинен гөре “пир” сыпатында сүўретленип, батырдың қәтелескен жеринде ақыл, қыйналған жеринде “күш қуўат” береди ҳәм беретин жәрдемин берип болғаннан кейин “көзден ғайып болады”. Ал, “Ер Зийўар” дәстанындағы “пир” өзиниң пирлик қәсийетин жойтып қәлендерлик ҳалға түседи, адам қәлбинде сүўретленеди. Бул қәлендер батырға ямаса иси бар адамға кәрамат көрсетпейди, қүдиретти билдирмейди, тек өзиниң ақылын айтып мәсләҳәт береди. Буның себеби, шығарманың жырланған дәўир орталығына да, жырлаған жыраўға да байланыслы болыўы керек. «Алпамыс», «Қоблан», «Мәспатша» дәстанларында батырлардың үйлениўи халықлық мәптен алдында келип, қалыңлығына ерисиўдеги алып барған гүреслери барлығы сынақ болып оларды елин қорғаўдағы дәслепки урысқа таярлап шынықтырғаны нәзерде тутылса, «Ер Зийўар» да батырдың Айнажамалға ашық болыўы, оны излеп кетиўи, қалмақ ханы Тақтаполаттың жеңилиўинен, улыўма дәстандағы тийкарғы идеяның иске асқанынан кейин болады. Бул мотив «Қырқ қыз» дағыдай жәмийет мәпиниң жекке мәплери үстинен үстем келетугының ҳәм биринши орынға қойылатугының көрсетип турады. Әдетте көпшилик қаҳарманлық дәстанларында батырлар қыздың хабарын еситкенде ишки кеширмелер сыртқа шығарылмайды, бул ҳаққында тек ата-анасы ғана хабар табады, баласын сапарға шығарып салады, ҳәттеки «Қоблан» дәстанында Қоблан ата-анасына хабар берместен кетеди. Ал, «Ер Зийўар»да Айнажамалдың хабарын Ер Зийўар еситкенде сезимлерге берилиўшилиги, өзин жойтып сыртлай ашық болып бийҳуш болып қалыўы лиро-эпикалық дәстанлардағы ашықлық мотивин еслетеди. Бундай ашықлық ўақыясы «Юсип-Зилийха»[8], дәстанының Мағриб замининиң патшасының қызы Зилийхының Юсипти түсинде көрип, ашықлық дәртинен

бийҳуш болып есинен айырылғандағы ўақыясына айқын көринеди. Себеби, дәстандағы бул ашықлық эпизодында да «Ер Зийўар» дағыдай Зилийханың әкеси қызының дәртиниң не екенин билиў ушын палкер, тәўиплерди қоймай шақырады. Бирақ, «Ер Зийўар»да тәўип, порхан, палкерлер ушыным, қағыным, көз тийиў деп емлесе, Злийханың ашықлық дәртине шалынғанын тәўиплер дәрриў билип айтады. Ал, қаҳарманлық дәстанларда қыздың хабарын еситкенде бундай сезимлерге берилиўшилик, батырдың өзин жойтып қойыў ўақыялары онша ушыраспайды ҳәм батырлар хабарды еситиўден-ақ, сезимлерге берилместен қыздың журтына жолға атланады. «Ер Зийўар»дың усы эпизодында, түрк-монгол халықлары қаҳарманлық дәстанларға тән традиция сақланбағанлығы көринеди. Буның айқын дәлийли Қурбанбай жыраўдың қызықлы сюжет қурыўдағы еркин импровизациялық жолы менен жырланғаны ҳәм нәтийжеде дәстан өзине тән өзгешеликке ийе болғанлығы көринеди. Сондай-ақ, Орта Азия халықлары қаҳарманлық дәстанларының басым көпшилигинде соның ишинде «Алпамыс», «Қоблан» дәстанлары сюжетлеринде батырлар үйлениўинде оқ жай атыў, ат шабыс сынақларын өтип, өзине қарсы шыққан барлық күшлер менен көбинесе дәўлер менен гүресип қызды алып қайтыўға ерискенлиги көринеди. Ал, «Ер Зийўар»да батырдың үйлениўинде бундай эпизодлар түсирип қалдырылып, ертеклик мифологиялық мотивлерге тән мәстан кемпирдиң батырды кийикке сыйқырлаўы, кийиктен адам қәлпине келтириўде мәстанның қызы Зәўрияның дослығы уқсаған эпизодлар ушырасады. Бул эпизодлар ертеклик қәлпиндеги дәстүрин сақлай отырып, дәстанда тийкарғы сюжетти кеңейтиў ушын өзинде дөретиўшилик хызмет атқарады. Олар дәстанның сюжет линияларының түрли-түрли раўажланыў жолларын жаратып, мазмунын байытып, көлемин кеңейтип барыўына мүмкиншилик береди. Сондай-ақ, дәстандағы Айнажамлды сақлап отырған айдарҳа, жыланлар менен гүресиўи, батырға жәрдем қолын созғандағы Зәўрияның дослық мүнәсибети, жаўыз дәўпери Самуден булардың барлығы «Горуғлы» дәстанында (Пулкан шайыр,өзбек версиясында) толығы менен сақланған. Бирақ, бул версияда Горуғлының Ага Юнус периге есин жойтып қойыў дәрежеде ашық болғаны айтылмайды. Сондай-ақ, Горуғлы образында батырлығы бираз күшли етип сәўлеленип, Самуден оннан жеңилип дос тутынып оған қыйналған ўақтында шақырыў ушын шашының бир талын беретуғыны ҳәм батырдың жоқлығынан пайдаланып елине шапқан душпанның үстинен жеңиске ерисиўи ушын жәрдем бергенлиги ҳаққында айтылады. Бул эпизод Зәўрияның Ер Зийўарға ислеген дослық мүнәсибети менен үнлеседи.

Дәстандағы монологта қаҳарманның жеке басының өз-өзи менен сөйлескен және басқаларға қарата айтқан ишки ойлары менен купыя сөзлеринде көбинесе образдың ишки дүньясы ашылады. Бул Айнажамал атлы қызға ашық болып оған жетисиўдеги басына түскен қара күнлеринде мәстан кемпирдиң дуўасына ҳеш күши жетпей қалып қорланғанда ҳәммесин есине түсирип толғайды. Усы қатарлар дәстанда Ер Зийўардың тилинен оғада шебер сүўретленеди. Мысалы:

Ханзада болып халкыма,

Хорезмди меңгердим,

Басшылық етип халқыма,

Жетим- жесир ғәрипти,

Жылағанға дем бердим,

Ол күнимнен айырылып,

Қанатымнан қайырылып,

Туяғымнан майырылып,

Жатырман тасқа тығылып,

Жүрегим аштан сығылып,

Уйқыласам түске кирмеген,

Алдында не боларын,

Бенде ойлап билмеген,

Қам сүт емген сор бенде,

Көрмегенлерди мен көрдим [9].

Ер Зийўардың усылай толғап қыйналғанын сезген көк тулпарыда оған қосылып жылайды ҳәм екеўи және бийик бийик таўларды асып кете береди. Акыллы көк тулпар батырдың шаршағанын билип, төрт аяғын бүгип, түйедей болып шөгип батырды арқасына миндирип көп бийик таўларды басып өтеди. Екеўи бир бәлент таўға келеди, Сол бәлент таўда қырмызы гүллер менен оралған, әтирапының бәри шеңгел менен қоршаланған бир бағлы ҳәремди көреди. Бул екеўи неше күнлеп жол жүрип шаршаган, аш болғансоң сол ҳәремге кирсе бағдың ишинде неше түрли жемислерди көреди. Усы ҳәремниң ийеси баяғы Ер Зийўарды дуўалаған мәстан кемпирдиң қызы Зәўрия екен.

Дәстанның ашықлық мотивинде лиро-эпикалық дәстанлардың тәсири көринеди дегенимиздиң себеби, бириншиден батырға еки қыздың ашық болыўы, екиншиден дәстандағы «бағ» деталының берилиўи, ал, қаҳарманлық дәстанларда батыр қыз бенен ушырасыўы таўдың төбесинде, ғардың, жолдың бойларында болса, Ер Зийўардың Зәўрия менен ушырасыўы «бағ»да болады. Жигит пенен қыздың «бағ»да ушырасыўы көбинесе лиро-эпикалық дәстанларда тән сүўретленеди. Дәстандағы Ер Зийўардың қыз бенен бағдағы ушырасыўы, еки қыздың ашық болыў моментлери «Саятхан-Ҳәмире», «Ғәрип-Ашық» лиро-эпикалық дәстанларындағы «ушырасыў орны» бағ деталы менен үнлес келеди. Мысалы: «Ғәрип-Ашық» дәстанында «бағ» деталы былай сүўретленеди:

Ғәрип-ашық бағда бағманлық қылып,

Айралық тыйығы бағрымны тилип,

Ғәрибиниң бағда йүргенин билип,

Мениң ярым бағ сейлине келеди[10].

Ер Зийўардың үйлениўиинде дәстандағы ўақыялар кеңейип барған сайын сүўретленген беллеслерге жараса лирикалық мотивлер жаңарып барады. Ер Зийўардың қыздың хабарын еситиўи, оның журтына асығыўы, оған жетиўи ишки сезимлерди, жаңа бағдарға дөнип көркейиўлерди аңлатады. Дәстандағы бул ўақыялардың раўажланыўы қаҳарманлардың диалогларында және де кең түрде айкынласады. Қаҳарманлардың диалогында бир-бири менен жүзбе-жүз турып, айтысларында өз-ара мәмлеси менен жүрис-турысында, қыял қанаты менен сөйлеген сөзлеринде берилип, еки тәрептиң де образының ашылыўы анық көринеди. Зәўрияның Ер Зийўарды жақсы көрип қалыўы, бирақ батыр Айнажамалды унататуғыны, оған садық екени қаҳарманлардың диалогларында айқын көзге тасланады. Мысалы:

Бала қоятурғыл қыстаў тойынды,

Басқа жаққа аўдармаңыз ойынды,

Хорезм журтынан келген ғош жигит,

Ашық болдым көрип сәрўи бойынды.

Гөззалға мүнәсип мениң бойым бар,

Мениң сеннен басқа бөлек ойым бар,

Саўалыңыз болса, сора еглеме,

Қыстаў баратырған қызық тойым бар [11].

Сондай-ақ, Зәўрия қайсарлық етип Ер Зийўарды өзиниң муҳаббатына көндирмекши болады, бирақ буған ашыўланған Зийўар Айнажамалды жақсы көретуғынын олсыз жасамайтуғын болса, өлип кетеғояйын деп өзине қанжар урады. Буны көрген Зәўрия қорқып ҳәм усы ўақытта

жигитти өзиниң айтқанынан қайтара алмайтуғынын түсинип жетеди. Жигиттиң жүрегиндеги қанжарды алдырыў ушын кәнизеги Жәҳәнди шақырады. Жәҳән Ер Зийўарға Айнажамалға ерисиўи ушын жәрдем беретуғынын, соның ушын өлип кетпей денесиндеги қанжарын алыўды мәсләҳәт береди. Зийўар қанжарды денесинен алғаннан кейин қызлар жарақатты түрли дәрилик шөплер менен емлейди. Бул эпизодтағы Жәҳән ҳәм басқа қызлардың пайда болыўы исенимли болып, нәтийжеде Ер Зийўардың айтқаны болып Айнажамалға ерисиўине жол ашылады. Дәстандағы батырға ашық болып қалған Зәўрия, Ер Зийўардың Айнажамалдың муҳаббатына садықлығын түсинип қызды алып қайтыўына жәрдем бериўге бел байлайды. Зернигар журтына атланады, жин-жыпыр, дәўперилер менен гүресип, Айнажамалдын ордасына келеди Айнажамал менен Зийўар ушырасады. Ер Зийўар менен Зәўрия Айнажамалдың мурғызары менен айдарҳаларын өлтирип, өзлериниң келгенлигин, Ер Зийўардың оған ашықлығын билдирип Зәўрияның бағына қайтып келеди. Дәўпери арқалы Айнажамлда Зийўарды излеп Зәўрияның бағына келеди. Ер Зийўар менен Айнажамал Зәўрияның бағында әдеўир ўақыт болады. Айнажамал патшашылығынан кешип Зийўар менен Хорезмге қайтады. Батырға болған Зәўрияның дослық мүнәсибети қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс»тағы Каражанның мүнәсибети менен үнлеслиги көринеди. Себеби, Қаражанда Баршынға ашық болды, бирақ ат шабыў жарысында озып баратырған баласы Доспамбетти өлтирип, Алпамыстың Баршынға ерисиўине шын жүректен жәрдем береди. Дәстандағы Ер Зийўардың қыз излеўинде мәстан кемпирдиң дуўасына ушырап кийикке айланыўы, оннан қутылып дәўпери менен басқа барлық душпанларын жеңип Айнажамалды алып қайтыўы булардың барлығы ески халық ертеклеринде, дәстанларында ушыраған типикалық пикирлер менен байланысы бар.

Дәстандағы усы үйлениў мотивинде Ер Зийўарда әззиликтиң белгилери көрингени менен онда ҳеш қандай қорқақлықтың белгиси жоқ. Ол қандай қыйыншылық болса тәўекелшил, ол өз ләшкерлериниң күши менен өзин ҳеш қандай зор душпаннан әззи деп ойламайды. Оның бул батырлығы, қайсарлығы әкесине басып киятырған душпанға күш жыйнап қарсы турыўды мәсләҳәт берип, ержүреклилик, жан аямаўшылық, халкымыздың гүресшеңлер образы болып сүўретлениўинде айқын көринеди.

Соның менен бирге, Ер Зийўар дәстанындағы үйлениў ўақыясында ҳақыйкый турмыс ўақыясы менен бир қанша ертеклик сюжетлерди қамтылыўы дәстанның көп қатламлы екенинен дәрек береди.

Жуўмақлап айтқанда, дәстандағы Ер Зийўардың үйлениўи қаҳарманлық дәстанлардың традициясынан өзгешелинип өзинде лиро-эпикалық, ашықлық дәстанларға тән дәстүрлерди сақлағанлығы нәзерде тутылды. Бирақ, “Ер Зийўар” да басқа дәстанлардағыдай кәраматлы туўылыў, батырға ат қойылыўы ушыраспасада үйлениў мотиви қызықлы ертеклик мифологиялық сүўретлер менен қурамаланып берилиўинде Курбанбай жыраўдың индивидуальлық таланты айқын көринип турады. Сондай-ақ, “Ер Зийўар”дағы Ер Зийўардың үйлениўиндеги мифологиялық эпизодтан гөре Ҳәсен хан менен Тақтаполат арасындағы урыстың сүўретлениўи, дәстанның мазмунында тийкарғы ҳәм әҳмийетли орын ийелейди. “Ғайыптан” қосылған ўақыялар халық дәстанларында ушырамайды, олар белгили себеплер тийкарында дәўир өзгерисине байланыслы орын алыўы мүмкин.

**Әдебиятлар:**


1. Мелетинский Е.М. Народный эпос//Теория литературы. Роды и жанры. Москва: Наука, 1964. – С.50.
2. Жирмунский В.М. Тюркский героический эпос. Л.: Наука, 1974. –С. 263.
3. Пропп В.Я. Русский героический эпос. Л.: Наука, 1955. –С. 40.
4. Ыбраев Ш. Эпос әлеми. (Қазақтың батырлық жырларының поэтикасы). Алматы.: Ғылым, 1993. –Б.68.
5. Ғабдуллин М. Қазақ халкының аўыз әдебиети. Алматы: Мектеп, 1974. –Б. 210.

6. Палымбетов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан». Нөкис: Билим, 2020. –Б. 87.
7. Липец Р.С. Завоеванная женщина в тюркско-монгольском эпосе //В сб.Фольклор и историческая этнография. Москва, 1983. – С.56.
8. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. «Юсип-Зилийха». 51-том. Нөкис: Илим, 2012. –Б.304
9. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 27 том. «Ер Зийўар». Нөкис: Илим, 2011. –Б. 85.
10. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 35 том. «Ғәрип-Ашық». Нөкис: Илим, 2011. –Б.251.
11. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 27 том. «Ер Зийўар». Нөкис: Илим, 2011. –Б.94.